
**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## आब निचादेलगेल प्रयोगशालासभ मात्रे कोभिड - १९ पि.सि.आर. परीक्षण करतै



५५ वर्ष उमेरसँ उपरके सब नागरिकसभ




विश्व विद्यालयके प्राध्यापक, शिक्षक तथा कर्मचारीसभ



सार्वजनिक यातायातके चालक तथा सहचालकसभ

**खोप देबके अवधी**

*२०७७ फागुन २३ गते सँ चैत्र १५ गते तक*



स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2284

## नेपाल अपडेट



जीवनयापनके लेल अटो चलाबैत धनगढीके एक जनानी

चित्र: आयुश यगोल श्रेष्ठ

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २१,६५,९८५
पोजेटिभ: २,७४,२१६
उपचाररत: ९६८
मृत्यु : २७७७
सन्चो भएका : २,७०,४७१




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



कोभिड - १९ के पिसिआर परीक्षण करवला प्रयोगशालाके कारण संक्रमितके बीमा रकम नै भेटलै कहादन ?

प्रयोगशालाके निचा देलगेल गल्तीके कारण सँ बीमा दावी भुक्तानीके लेल अयोग्य भेल स्वास्थ्य मन्त्रालय जनौने अछि:

१. कोभिड - १९ के परीक्षण अनुमती पौने प्रयोगशालासभ नमुना परीक्षण कऽ निर्धारित ढाँचामे २४ घण्टा भितर राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला लगाएतके निकायमे पठावके चाही से नै केने भेटलैय ।

२. किछ आदमीके विवरण परीक्षण केनहे मितिमे राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशालामे जानकारी करेने भेटलाके कारण सँ ।


स्रोत: https://cutt.ly/ZlKB2PP



अखन सरकार प्रत्येक गाममे एकटा उद्योग सञ्चालन करब कहने छै कहादन । कहाँ त हमरासभ दिस किछ नै छै ?

प्रत्येक गाम सँ बेसी प्रत्येक स्थानीय तहमे एक औद्योगिक ग्राम सञ्चालन करके नीति अनने छै । अहि अनुसार ४५ स्थानीय तहसभमे औद्योगिक ग्राम घोषणा कऽ विकास निर्माणके चरणमे रहल छै । आर्थिक वर्ष २०७७/७८ मे १३० स्थानीय तहसभमे औद्योगिक ग्राम घोषणा केनाई आ धिरे धिरे ७५३ हु स्थानीय तहमे ई कार्यक्रम लागु करैत जायके सरकारके योजना रहल छै ।

स्रोत: https://mofaga.gov.np/news-notice/2088



कोभिडके कारण उद्योग कलकारखानामे काम करवला आधा सँ बेसी कामदार रोजगारी गुमौने कहैत छै । एकर कोनो आँकडा नै छै ?

उद्योग वाणिज्य तथा आपूर्ती मन्त्रालयद्वारा कएलगेल अध्ययन अनुसार छोट, मध्यम तथा बड्का उद्योगमे काम करवला २२.५ प्रतिशत श्रमिक रोजगारी गुमौने देखाएल छै । ओहु मे सेहो तुलनात्मक रुपमे लघु, घरेलु तथा छोट उद्योगसभ बेसी मात्रामे श्रमिकके कटौती केने देखेने छै ।

स्रोत: http://moics.gov.np/public/uploads/shares/news_notice/Covid-19%20Study%20%20(final).pdf



सरकारके तिनु तहके लगानी साझेदारीमे बनल सड्कसभ टुटलाके बाद स्थानीय तहसभ श्रोतके अभाव कहिक पाछु हटैत अछि । कि ई प्रदेश या संघीय सरकारके जिम्मेवारी छै ?

सरकार प्रत्येक स्थानीय तहके प्रदेशके राजधानीसँगे जोड्के उद्देश्य सँ प्रादेशिक एवम् स्थानीय सड्क सुधार कार्यक्रम लागु केने छै । सड्क बनाबके लेल लम्बाईके आधारमे संघीय सरकार, प्रदेश सरकार आ स्थानीय सरकार लगानी साझेदारी करब कहितो बैनक हस्तान्तरण भेल सड्कके मर्मत सम्भार करके जिम्मेवारी सम्बन्धित स्थानीय तहके हेतै कहिक प्रष्ट उल्लेख कएलगेल छै ।

स्रोत: https://mofaga.gov.np/uploads/notices/Notices-20210106143654235.pdf

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु


accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,७७,३८३ संक्रमित | १,९०,८५२ संक्रमित | १२२,३९४ संक्रमित | १,६३,६६४ संक्रमित | ३,९१,५२४ संक्रमित | १,४१,४९६ संक्रमित | ३००,७२५ संक्रमित | ९०,०३१ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

Shramik Sanjal

## कुवेतमे आप्रवासीके प्रवेश बन्देज आ यूएईमे पर्यटक भिषाके अवधी थप सम्बन्धी जानकारी

**कुवेत:**

- आप्रवासीसभके २० मार्च, २०२१ तक कुवेत आब निषेध कएलगेल छै । अहि कारण ३ हजार सँ बेसी कुवेत भलक जायवला बटोहीसभ यूएईमे अड्कल छै ।
- रेस्टुरेन्टसभ ललक जायवला आ पहुचाववला काम मात्रे कर पाओत । खाना खुवाबवला सेवा दोसर सूचना नै भेला तकके लेल बन्द भेल छै ।
- कोरोना कहरके बाद उडानसभ प्रभावित छै आ आप्रवासीसभके सेहो सहज रुपमे कुवेत प्रवेशमे रोक लगाएल अवस्थामे ७ फेब्रुअरीके बाद भेल ४८ उडानसँ १,४४२ बटोही कुवेत आएल अछि । आबवलामे ९८९ कुवेती नागरिक आ ४५३ घरेलु कामदारसभ रहल अछि ।

**यूएई:**

- यूएईमे अवधी खतम भेल पर्यटक भिषाके मार्च ३१ तक बढाओल गेल छै ।
- दुबई मेट्रो प्रयोग कलरहल छी त ३० मिनट पहिले पहुचब से सूचना जारी कएलगेल छै ।
- कोभिड-१९ के कारण सुरक्षाके दृष्टिकोणसँ रास अल खैमामे अपन अनुमतिपत्र नविकरण कराहल छी त आवेदन अनलाईन सँ मात्रे भर पाएब ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे भेल
खर्चके ताजा अद्यावधिक (२०७७ पुष अन्त्य तक)

**संघिय सरकार**
रु. ८ अर्ब ५९ करोड ९८ लाख

**प्रदेश सरकार**
रु. २ अर्ब ९२ करोड ३ लाख

**स्थानीय सरकार**
रु. ८ अर्ब १० करोड ६७ लाख

**दोहोरो खर्च**
रु १ अर्ब ४९ करोड ७० लाख

**दोहरा खर्च कटाक होबवला जम्मा खच**
रु. १८ अर्ब १२ करोड ९८ लाख

स्रोत: https://cutt.ly/4lfYbPi

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## दिपक सुबार

अ.हे.व., धनगढी उप-महानगरपालिका, कैलाली

"शुरुमे धनगढी उप-महानगरपालिका सुदुरपश्चिमके नाका खोलवला हमही छी । तखन अवस्था एकदम भयावह छलै, रस्तामे कोई नै देखाईत छलै । आदमीसभ एक दोसर सँ डराईत छलै । नेपाल प्रवेश केने सभके सम्बन्धित जिलासंगे समन्वय कलक ओहि जिलामे पठेलौ । उप-महानगरपालिका सेहो बढिया व्यवस्था केने छलै । स्वास्थ्यकर्मीके पिपिईके सामानसभ सब उपलब्ध छलै । तै समयमे काम करमे सहज होई कहिक नजिके कोठली किराया ललक रहल छलौ । लेकिन, घर मालिक हमरा कोठली सँ निकाईल देलक । अखन त सक सहजे छै । सब एहिके बारेमे जानकार भलगेल अछि ।"

## सुमन गिरी श्रेष्ठ

नर्सिङ अधिकृत, नेपालगञ्ज मेडिकल कलेज, बाँके



"कोभिडके उच्च प्रकोपके समयमे हम छोट बच्चाके घरमे छोडिक नागरिकसभके सेवा कर जाई छलौ । हमरा सँ दोसरके कोरोना हेतै कि कहिक डर त लगैत छल, लेकिन डर छै कहिक हमसभ स्वास्थ्यकर्मीए काममे नै जेबै त नागरिकके सेवा के कलदेत से सोचीक बहुते जोखिम मोईलोक हम ओई समयमे काम केलौ । अखन कोरोना विरुद्धके खोप सेहो बैन गेल छै, हमसभ कोरोना विरुद्धके पहिल खोप लगा चुकल छी । अस्पतालमे काम करवला आदमीके हमेसा जोखिम होईछै, हमरासभके हमेसा होशियार, सुरक्षित भलक काम कर परैत छै । अखन कोरोना महामारी कम होईतो हमसभ सावधानीके उपायसभ अपनारहल छी । "



## सिमरन शाही ठकुरी

स्टाफ नर्स, एच.सि.आर.सि हस्पिटल, नेपालगञ्ज, बाँके

"कोई कल्पना समेत नै केने बात हमरासभ सामना करैतकाल बहुते चूनौतीसभ आएल । हरेक चूनौतीके सामना कलक हमसभ कोरोनाके कर सफल भेलौ । बिमारसभ त एहन महामारीके समयमे अस्पताल सेहो बन्द हेतै कहिक सोचैत अछि । लेकिन, हुनकासभके सेवामे दिनराती खटल देखक हमरासभके कामके कदर करैत छलै । अई सँ हमरासभके काम कर अतिरिक्त उर्जा, प्रोत्साहन आ सन्तुष्टि भेटैत छल । अखन कोरोना विरुद्धके खोप सेहो आबिचुकल छै । अई सँ सबके उत्साहित बनेने छै ।"

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती तालिका

## रेडियो कार्यक्रम पद्धती
संरचना सबैका लागि

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219